



Pou Piblikasyon Imedya: 29/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 5 MILYON DOLA NAN FINANSMAN ETA POU  
SIPÒTE PWOGRAM PRE-MATÈNÈL NAN 16 DISTRI LEKÒL KI GEN ANPIL  
BEZWEN**

***Premye Pwogram Pre-Matènèl nan 11 Distri***

***Finansman pral pèmèt preske 1,000 timoun enskri nan bon jan kalite pwogram  
Pre-Matènèl***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke yo te afekte 5 milyon dola pou 16 distri lekòl ki gen anpil bezwen pou ogmante aksè a bon jan kalite lekòl pre-matènèl pou preske 1,000 elèv ki gen laj 3 a 4 lane nan New York. Finansman sa a vize pou li sipòte ekspansyon pre-matènèl nan distri ki gen gwo bezwen oubyen ki manke jwenn sèvis nan kad efò kontini Eta a pou li ankouraje edikasyon bonè, epi amelyore fiti akademik tout etidyan yo.

“Chak timoun merite yon tretman ekitab nan bon jan kalite edikasyon”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa a pral ede egalize teren akademik la pou timoun yo ki nan kominote defavorize yo, ba yo opòtinite pou reyisi, pwospere epi finalman evolye nan New York.”

Finansman ke yo te bay distri sa yo baze sou kalite aplikasyon ansanm avèk lòt faktè yo, enkli elèv ak distri ki gen bezwen, efò pou vize elèv ki gen anpil bezwen yo, ak efò pou ogmante kantite timoun ke yo sèvi nan pwogram pre-matènèl yo.

Depi 2011, Gouvènè Cuomo te plis pase double angajman Eta nan edikasyon bonè pou amelyore avni akademik jèn moun yo nan New York. An 2013, Gouvènè Cuomo te kreye premye plas matènèl tout jounen yo nan eta a, epi an 2015, New York te agrandi matènèl la pou sèvi timoun twazan pou premye fwa. Angajman New York nan matènèl depase 800 milyon dola pa ane kounye a, k ap sèvi 120,000 elèv twa ak katran chak ane epi matènèl inivèsèl la gratis pou fanmi yo. 5 milyon dola anplis sa a pral garanti New York ap kontinye soutni elèv pi jèn li yo gras a soutyen agrandisman matènèl la nan distri ki gen gran bezwen yo, sa gen ladan sa ki kounye a pa gen plas matènèl.

**Chanselye Konsèy Dirijan yo (Board of Regents) Betty A. Rosa te deklare,** “New York ap travay pou li asire yon anviwònman a siksè pou tout timoun piti k’ap aprann yo. Pwogram pre-matènèl bon kalite, pandan tout jounen an se kle nan efò nou pou nou elimine eka siksè epi bay tout timoun nou yo pi bon chans pou yo byen kòmanse edikasyon yo epi rete sou wout siksè a atravè karyè lekòl yo”.

**Komisè Edikasyon Eta a (State Education), MaryEllen Elia, te deklare,** “Enpak a lon tèm, pozitif ke envesti nan pwogram pre-matènèl bon kalite rete endiskitab. Yo montre sa ogmate pèfòmans elèv yo nan matematik ak lekti nan dezyèm ane epi li ofri yon fondasyon solid kote yo ka konstwi edikasyon timoun lan. Mwen pa ka tann pou m kontinye travay ak Gouvènè Cuomo pou elaji aksè a pwogram enpòtan sa yo.”

**Senatè Carl Marcellino, ki se prezidan Komite Edikasyon Sena a (Senate Education Committee), te deklare,** “Envesti nan timoun nou yo se envesti nan yon fiti ki solid epi ki gen pwosperite pout tout Eta New York lan. Ak finansman sa a, nap ede distri eskolè yo bay edikasyon pre-matènèl premye kalite a timoun, epi m’ap remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li nan yon apwòch konplè pou edikasyon etidyan New York yo”.

**Manm Asanble a Catherine Nolan, ki se Prezidan Komite Edikasyon Asanble a (Assembly Committee on Education), te deklare,** “Mèsi a prezidan asanble a Carl Heastie, Gouvènè Cuomo ak manm Komite Asanble pou Edikasyon pou inisyativ enpòtan sa a. Sa a se yon gwo premye pa nan travay pou ekspansyon pre-matènèl pou tout timoun piti nan eta a ka jwenn avantaj edikasyon bonè”.

**Finansman ke yo te akòde nan distri yo prezante nan fason ki anba:**

<b>Distri Lekòl</b>	<b>Sibvansyon</b>
Attica (Finger Lakes)	294,502 dola
Ausable Valley (North Country)	522,240 dola
Canajoharie (Mohawk Valley)	78,582 dola
Carthage (North Country)	814,084 dola
Elizabethtown (North Country)	124,480 dola
Homer (New York Santral)	134,322 dola
Indian River (North Country)	355,179 dola
Liverpool (New York Santral)	574,400 dola
McGraw (New York Santral)	260,512 dola
Onondaga (New York Santral)	105,552 dola
Peru (North Country)	281,600 dola
Saranac (North Country)	515,760 dola
Saugerties (Mid-Hudson)	265,054 dola
Schenectady (Rejyon Kapital)	410,213 dola
Weedsport (New York Santral)	126,432 dola
Windsor (Southern Tier)	137,088 dola

Aprantisaj bonè ka konble eka yo epi bay benefis non sèlman nan etap bonè nan lavi men tou nan lontèm lan. Daprè Enstiti Nasyonal pou Rechèch Edikasyon Bonè (National Institute for Early Education Research), timoun yo ki patisipe nan bon jan kalite pwogram edikasyon anfans gen yon pi bon nòt nan tèl mantal jiska laj 21 ane, plis siksè nan egzamen akademik nan toulède matematik ak lekti e yo gen plis chans pou ale nan yon kolèj katran epi travay pou bon salè.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418